

# EDENN SATAN AN



Annou koube.

Bondye damou, nou rekonesan anvè W aswè a pou kokenn opòtinite sa, pou vini ankò nan Non Seyè Jezi, pou rankontre lènmi nou, lènmi Ou, deyò la sou chan batay la, ak Pawòl la, pou chase l lwen nan mitan pèp Ou, pou yo ka wè, aswè a, Seyè, Limyè Levanjil la. Mwen priye ke W va wenn je nou ak netwayan pou je, pou yo ka louvri a Verite a, konsa nou ka kite isi a, pou ap di nan kè nou: “Èske kè nou pa t ap boule anndan nou pandan L t ap pale avè nou sou wout la?” Geri malad ak aflije yo. Ankouraje moun ki dekouraje yo. Leve men fèb ki t e konn ap pandye desann yon lè. Ke n ap veye Vini Seyè Jezi a, ke nou kwè ki pwòch. Nou mande sa nan Non Jezi. Amèn.

Nou mèt chita.

<sup>2</sup> M ap eseye brèf aswè a, paske m konnen ke anpil moun soti nan diferant pati nan peyi a, pou . . . pou sèvis la, oswa te rete pou sa, kèk nan nou, epi ki oblije retounen, petèt pral fè anpil wout pou retounen. E mwen di nou mèsì. Maten an m te vle tandè Frè Neville, pou tèt pa m. M abitye tandè l anpil fwa, e pa t janm tandè l yon sinon ke pou m te apresye l. Men maten an, mesaj byen tonbe sa, mwen konnen Seyè a te gide m pou m te tandè sa maten an. Vrèman byen! E mwen wè poukisa noumenm moun yo renmen vin tandè l, tou. E l ap toujou fè w di byen, mwen sèten, pou tandè l.

<sup>3</sup> Mwen t ap eseye ratrape kèk nan entèvyou m yo jodi a, maten an ak apremidi a. Mwen toujou gen anpil, anpil, anpil pou m fè. E mwen . . .

<sup>4</sup> Tankou, mwen kwè, se te Jetwo ki te di Moyiz yon lè, te di: “Sa jis twòp pou ou.” Kifè, nou chaje ak frè la ki ka pran swen pwoblèm ou yo. E yo chak te konsidère kòm lejitim, e se dè bagay ke yo dwe okipe de yo. M ta rekòmande pastè nou an, oswa Frè Mann, ak lòt minis ki pataje Fwa pa nou isit la. Nou ka al kote yo. Yo va jis di nou egzaktèman bagay pou n fè a; pou kèk moun, se pitit yo, maryaj miks, oswa bagay ki pa kòrèk. Mesye sa yo ka ede nou jis menm jan ak—ak nenpòt lòt moun, paske yo se sèvitè Kris. Al kote yo, e mwen sèten y ap—y ap ba nou èd nou bezwen an. Mwen pa ka rive pran yo tout. Yo senpleman tèlman anpil, tout kote w ale. Yo jis kontinye ap anpile monte pi wo e pi wo, ou wè. E—e ou ta renmen rive pran yo chak, men ou pa ka fè l. Men m ap priye san rete ke Bondye, yon jan kanmenm, va regle sa nèt nou.

<sup>5</sup> Kounye a, aswè a, nou vle al nan Ekriti a, pou li yon pòsyon Ekriti sa nan Jenèz, chapit 3; epi pou nou jis retounen on ti kras sou kèk bagay nou te deja konn ap pale de yo, nan tan pase yo,

pou wè si Seyè Jezi a ap ban nou yon ti kras pi plis sou sa nou pral konnen lè nou va sòti. Mwen priye—priye ke Li va fè l.

*Sèpan se bèt ki te pi rize nan tout bèt raje SEYÈ a, Bondye a, te kreye. Li di fanm lan konsa: Èske Bondye te janm di piga nou manje donn tout pyebwa ki nan jaden an?*

*Fanm lan reponn sèpan an: Nou gendwa manje donn tout pyebwa ki nan jaden an:*

*Men, kanta pou pyebwa ki nan mitan jaden an, Bondye di: Piga nou manje ladan l, piga nou manyen l menm, sinon, n ap mouri.*

*Lè sa a, sèpan an di fanm lan: se pa vre, nou p ap mouri kras:*

*Paske Bondye konnen toutbon ke jou nou manje l, alò je nou va louvri, e nou va vin tankou dè dye, k ap konnen sa ki byen ak sa ki mal.*

*Fanm lan gade, li wè jan pyebwa a te bèl, jan fwi yo sanble yo ta bon nan bouch, li santi li ta manje ladan l pou je l ka louvri, li keyi kèk fwi. Li manje, li pote bay mari l ki manje tou.*

*Manje yo finn manje, je yo louvri: lè sa a, yo vin konnen yo toutouni; yo pran kèk fèy figfrans, yo koud yo ansanm, yo fè tanga mete sou yo.*

<sup>6</sup> Ke Seyè a ajoute . . . benediksyon L sou lekti Pawòl Li. Kounye a mwen ta renmen pran yon tèks aswè a, ki soti nan sa, pou rele l: *Edenn Satan An*. Sa on ti jan mabyal pou di, konsènan, *Edenn Satan An*. Sa on jan ale ak, lòt Dimanch swa a, mwen kwè, lè m t ap pale avèk nou isi a sou *Filtè Yon Nonm Ki Reflechi*, ak gou yon nonm ki sen.

<sup>7</sup> E pafwa ti ekspresyon tou kri sa yo mennen nou nan yon bagay; sa fè nou etidye, epi mennen nou li Pawòl la. E se sa mwen vle pou tout kongregasyon m lan fè. “Lòm pa p viv ak pen sèlman, men ak tout Pawòl ki soti nan bouch Bondye.” Kifè, li Pawòl la; etidye L. Epi etidye L ak je Bondye, pou bay konpreyansyon entèlektyèl sou kijan nou ta dwe viv jounen jodi sa.

<sup>8</sup> Bon pou desann, aswè a, jis pou ap pale avè w, pou ap di: “Ebyen, m te ka fè *sesi oswa sela*, . . .”

<sup>9</sup> Mwen renmen pale ak moun yo, otan mwen ta renmen al lakay avèk nou chak aswè a. Mwen . . . Bondye konnen ke se vre. Mwen ta renmen al lakay avèk nou chak, epi—epi manje—manje ti dejene avè w nan maten, epi—epi—epi soti al lachas ekirèy avèk ou demen apremidi, ou wè. Mwen—mwen ta renmen fè sa, men mwen—mwen pa ka fè sa. E m ta renmen al lakay epi jis chita pou pale avè w; chita sou galri a apre sèvis la, pou pale avè w yon ti tan, pale avè w sou sante w e sou Bondye. Mwen ta renmen fè sa.

Gason ak fanm isi a; Bondye konnen m ta renmen fè sa, men m pa ka fè l. Ou wè, tèlman gen yon tèl—yon tèl atirans e yon presyon.

<sup>10</sup> Epi—epi laj sou tansyon sa ke n ap viv ladann lan. . . Mwen se yon moun ki sou tansyon, pou tèt pa m. Jodi a mwen ka fè m yon lide de yon bagay, “mwen jis oblije fè l,” epi demen sa a on milyon kilomèt byen lwen m; yon bagay te vini epi te fè *sesi* ak *sela*. E ou gen yon tan limit, pou ap eseye gade lespri w an plas.

<sup>11</sup> Men akonplisman prensipal mwen se preche Levanjil atravè Legliz, epi fè tout sa m kapab pou pote lonè sou Jezikri nan jou sa, pandan m isi a sou tè a, e kèlkeswa tan ki rete pou mwen sou latè. Mwen vini pou—pou eseye di w yon bagay ki ta ede w; yon bagay kèlkonk. Mwen te etidye apre m t al lakay maten an. “Kisa m te ka di aswè a, Seyè, ki ta ka ede moun sa yo?”

<sup>12</sup> Pandan m t ap tandè mesaj pwisan sa maten an sou. . . Frè Neville te pote pou nou an, konsènan. . . Mwen te twouve sa tèlman fòmidad, jan l te di la: “Yon doktè ap fè dyagnostik ka a; men nonm ki vini ak plato plen ak zegwi yo, li menm l ap bay enjeksyon an.” Alò mwen te panse se te vrèman yon—yon bèl ti ekspresyon. Mwen te panse a sa, “sewòm lan, apre ke yo fin dyagnostike ka a.” Kifè sa se yon bagay ki trè bon.

<sup>13</sup> Mwen te vle pale w de yon bagay, pou mennen yon bagay ki ka eklere w sou pwomès Bondye pou aj sa a. Ou wè? Yon bagay, pa yon bagay ke yon lòt moun te ye nan kèk lòt epòk, men yon bagay. . . epi lè. . . Bagay sa yo trè byen; nou tout fè referans a bagay sa yo. Men mwen te panse mwen ta ka eseye pote yon bagay nan lespri nou, avèk Ekriti sa yo ke m te ekri la, ki ta ka eklere w, pou konnen, pou rann ou yon pi bon sòlda nan chan an kote w ap konbat kounye a; pou aprann taktik lènmi an, konsa w ap ka bloke tout bagay anvan sa rive sou ou, ou wè. Sa se bagay prensipal la, se pou aprann gade kou yo—yo lwen w, otan ke w kapab.

<sup>14</sup> Alò, annou gade kounye a gran. . . pou kèk minit, gran jou peche sa, ke n ap viv ladan l kounye a. M pa kwè te janm gen yon jou ke m te janm li nan listwa. . . Te gen jou ki te gen plis pèsekisyon, kote yo te touye pitit Bondye yo tout kote. Men pou ap gade twonpri lènmi an, nou pa t janm gen yon jou tankou sa n ap viv kounye a. Se jou ki pi malen, ki pi twonpè. E lè m wè sa, sa ki vin nan tèt mwen, se ke, Kreyen an dwe plis sou gad li jodi a ke l te janm ye nan nenpòt lòt aj.

<sup>15</sup> Bon, si nou retounen nan epòk pèsekisyon, Wòm, sou Legliz, yon Kreyen ki te fè yon erè, yo te konn voye l nan arèn lan pou fè lyon manje l, oswa yon bagay konsa, lè yo te dekouvri ke l te yon Kreyen poutèt temwayaj li. Men nanm li te sove, paske li te yon kwayan toutbon, san melanj nan Bondye, e li te kontan sele temwayaj li avèk san l. Pandan venn li yo te pete, oswa twou nan kò l, epi san an t ap koule, li te ka rele byen fò, avèk yon fwa tèlman fidèl, pou di: “Resevwa lespri m, Seyè Jezi!”

<sup>16</sup> Men, kounye a, fason mèt dam dyab la kounye a, se fè moun yo kwè ke yo se Kreyen alòske yo pa sa. Men bagay la. Ou pa bezwen sele. . . Se—se yon jou ki pi malen pase sa te ye, ke lè w te oblije sele vi ou—ou ak temwayaj ou. Dyab la te poze tout pyèj pèlen ke l te kapab, pou. . . Li se yon sediktè. E Jezi te di nou, nan Matye 24, kijan jou sa a n ap viv ladann lan t ap ye, jou ki pi twonpè ki te janm egziste, “tèlman pwòch ke li t ap sedui menm Eli Bondye a si se te posib pou l sedui.”

<sup>17</sup> Kounye a annou konpare kèk Ekriti, oswa kèk pwofesi ki te bay nan Bib la, pou jodi a, epi konpare l ak jou ke n ap viv ladann kounye a.

<sup>18</sup> Nan 2 Timote 3, nou aprann sa a, pwofèt la te di, ke, “Sa t ap rive nan jou sa yo, kote lèzòm t ap gen tèt di, awogan, dè moun ki renmen plezi plis ke Bondye.” Konpare sa kounye a, jis pou yon moman. Nou p ap. . . N ap jis pase vit sou sa, paske nou pa gen anpil tan pou pase atravè tou sa jan nou ta dwe pran l; men jis pou souliye l, konsa ou ka wè l lè w rive lakay ou pou etidye l. “Tèt di, awogan, dè moun ki renmen plezi plis pase Bondye; enfidèl, fo akizatè, san retni, epi ap meprize moun de byen.” “Kounye a Lespri te di aklè ke bagay sa yo t ap rive nan dènye jou yo.” Sa se jou sa yo, pwofesi a te pale sou sa.

<sup>19</sup> Kounye a nou li, tou, nan Apokalips. . . 14, Apokalips 3:14, pito, Laj Legliz Lawodise a, se konsa legliz la t ap ye nan dènye jou sa. E li t ap, Sa di: “Li t ap chita tankou yon vè ki pa t bezwen anyen. Li—li te rich, e li te vin pi rich, e li pa t konnen ke l te pòv, mizerab, malere, avèg, e toutouni, e li pa t konn sa.” Men. . . Bon, sonje byen, L ap pale ak legliz aj sa, “malere, avèg, toutouni, e li pa konn sa.” Dènye fraz sa a, dènye Pawòl sa a, se sa ki rann bagay la tèlman frapan. Yo panse ke yo byen ranpli ak Lespri, ke yo tout pare. Aj Legliz Lawodise a se Aj Legliz Pannkotis la, paske se dènye aj legliz la. Luther te gen mesaj pa l; Wesley te gen mesaj pa l; epi Pannkotis te gen mesaj pa yo.

<sup>20</sup> Epi tou, Sa te di, ke, “Poutèt ou tyèd, ou pa ni cho ni frèt,” ak emosyon eksteryè yo, konsepsyon mantal Levanjil la; “poutèt,” Li te di, “se fason sa ou ye, M ap vomi w soti nan bouch Mwen.” Nan lòt mo, sa te rann Li malad pou wè legliz nan kondisyon sa.

<sup>21</sup> Epi, sonje, yo te vomi L; e Li te deyò legliz, ap eseye retounen anndan, nan Aj Legliz Lawodise terib sa.

<sup>22</sup> Dye mond sa jodi a, moun nan mond sa ke y ap adore jodi a, se Satan. E moun yo pa konsyan y ap adore Satan, men se Satan k ap fè tèt li pase pou legliz, ou wè, antanke legliz. Y ap adore Satan, pansan ke y ap adore Bondye atravè legliz, men se fason sa Satan fè l.

“Oo,” ou di, “men tann yon minit; n ap preche Pawòl la.”

<sup>23</sup> Pou retounen nan tèks mwen an la a, aswè a. Se Satan ki te preche Pawòl la bay Èv, an premye, “Bondye te di sa,” ou wè.

24 Se zafè bay movèz entèpretasyon pati Ekriti sa a ki aplike pou epòk la. L ap fè w konnen ke tout sa Jezi te fè te pafètman byen. L ap fè w konnen ke tout sa Moyiz te fè te pafètman byen. Men lè w pran pwomès ke Yo te bay pou jou sa a, alò Sa te aplike pou yon lòt aj. Se jis sa li dwe fè, ou wè, se fè moun yo kwè L fason sa, epi se—se tou. Paske, “Ou pa ka retire yon sèl Pawòl Ladann, oswa ajoute yon sèl mo.” Men se sa l fè.

25 Moun yo, san yo pa rann yo kont y ap adore Satan, pansan y ap adore Bondye, pandan ke yo te avèti nou pa pwofesi, nan 2 Tesalonisyen, ke . . . Ann jis li sa, 2 Tesalonisyen, chapit 2 a. Ann jis pran l yon moman, si m kapab, touswit, Mwen ta renmen li sa. Jis, mwen kwè, se 2 Tesalonisyen, mwen gen Ekriti a la a, ki di:

*Men sa m ap mande nou, frè, konsènan lè Seyè Jezi a va parèt. . . epi rasanbleman an ansanm avè l,*

26 Bon, ou wè, “lè Seyè a va parèt, epi rasanbleman an avè L,” kidonk Bondye ap rasanble pèp Li avè L nan dènye jou yo. “Rasanbleman pèp la avèk Seyè a,” pa avèk legliz, “avèk Seyè a; rasanble ansanm avè L.”

*Pou ke panse nou pa twouble fasil, oswa . . . pèdi tèt nou—pèdi tèt nou, ni pa lespri, ni . . . pawòl, ni pa bèl diskou ki vin de nou, kòm si . . . jou Seyè a rive deja.*

*Pa kite pèsonn twonpe nou nan ankenn jan: paske anvan jou sa a rive, gen yon dènye revòlt kont Bondye ki pou fèt, epi mechan an ki deja kondane (“mechan an,” gade sa l ye kounye a), mechan an ap revele, pitit pèdisyon an, (se te Jida, ou wè);*

*Ki ap kanpe, epi ap pran pozisyon kont tout bagay lèzòm ap sèvi, kont tout bagay lèzòm konsidere pou Bondye; l a fè, jouk l a antre nan tanp Bondye a, l a chita, l a fè tèt li pase pou Bondye.*

27 Twonpri legliz sa a jodi a! Ou wè, “pitit pèdisyon an,” dyab la. “Pitit pèdisyon an,” dyab la. Alò, moun yo ap adore Satan nan jou sa, pansan ke y ap adore Bondye. Men y ap adore l atravè yon kredo, yon denominasyon ak kredo ke lòm fabrike ki te mennen moun yo desann toudwat nan pi gwo twonpri ke mond lan te janm konnen. Pe enpòt jan Pawòl Bondye a, ki te pwomèt pou jou sa, te preche e konfime, yo toujou p ap kwè L. Yo p ap kwè Li.

28 Alò poukisa? N ap mande poukisa. Poukisa sa pa t . . . poukisa yo p ap kwè L? Bondye te di Li t ap fè yon bagay kèlkonk, epi Li fè l, yo vire do yo kanmenm bay sa pou al fè wout yo. Jis tankou Èv te konnen ke sa Bondye te di a, Bondye t ap fè l; men manzè te vire do l tounen bay sa, pou tandè sa limenm te gen pou di.

29 Jis sonje, nan lòt aj yo, se te toujou menm bagay la. Nan chak aj, se te toujou Satan ki t ap eseye pèvèti Pawòl sa ba yo, pou fè yo wè kèk lòt aj.

30 Gade, lè Jezi te vini, ou wè, Satan te nan bann anseyan Jwif sa yo, ak raben ak prèt sa yo, ap eseye di yo pou yo kenbe lwa Moyiz la, alòske Pawòl la menm te di ke nan jou sa Fis de lòm lan t ap revele, ou wè, ke Li t ap revele tèt Li. Kifè yo t ap eseye, osi lontan yo te kenbe moun yo relijye, epi anba lwa Moyiz la. . . Ou wè kisa l te fè? Li t ap eseye di yo: “Pati Pawòl sa absoliman kòrèk, men Nonm sa se pa Moun sa.” Ou wè kijan li twonpè? Sa se vrè jou sediksyon an.

31 Sa te konsa, e se sa kounye a, Satan ap etabli wayòm li sou tè a. Se egzakteman poutèt sa li ap fè l, poutèt li vle tabli pwòp wayòm pa l.

32 Antan k òm dafè, ki pa yon Kretyen, l ap itilize tout mwayen posib pou fè w wè yon bagay nan move sans lan. Si l gen yon—yon objektif ak yon enterè pèsònèl pou fè w fè sa, pou fè w wè l fason sa, li va montre w tout sa l kapab, epi l ap anpeche w wè verite a, paske li gen sèlman ap panse a tèt li. Pe enpòt kantite fwa l ap bay manti epi triche, oswa nenpòt lòt bagay la, li gen enterè pèsònèl.

33 E se poutèt sa Satan te aji konsa. E li t ap travay atravè ministè a pou fè sa, jan Bondye te pwomèt li t ap fè l la. Men, li te kòmanse ak yon sediksyon relijye nan Edenn, e li te kontinye depi lè sa.

34 Se pa nan plase yon bann kominis. Kominis pa gen anyen pou wè ak sa. Se legliz, se la ou dwe ap veye, ou wè. Se pa—se pa kominis ki t ap sedui menm Eli yo. Se legliz k ap sedui menm Eli yo, ou wè. Se pa kominis; nou konnen yo renye Bondye, e yo antikris, se sèten se sa yo ye, an prensip, men se pa yo ki antikris la. Antikris la relijye, trè relijye, e li ka site Lèzekriti, pou fè L parèt tèlman klè.

35 Tankou Satan te fè laba nan kòmansman, li te site tout bagay nèt, “Bondye di: ‘Piga w manje nan tout pyebwa ki nan jaden an.’” Ou wè, ap site L drèt la.

36 Manzè te reponn: “Wi, nou ka manje nan tout pyebwa ki nan jaden an, men gen yon pyebwa nan mitan jaden an ke Bondye di pou pa manje, pou, pa menm touche l; paske, jou nou ta fè sa, jou sa n ap mouri.”

37 Li di: “Oo, se sèten ou p ap mouri. Men kite m ba w rezon ki fè Bondye di sa, se paske. . .” Ou wè, kounye a kisa l genyen? Li te site Verite sa, ou wè. Li te di: “Sa va louvri je w, e sa va fè w konnen byen ak mal. Alò ou va vin tankou Bondye, si w rive fè sa.”

38 Se jis egzakteman sa l vle fè, e se jis menm bagay l ap eseye fè jodi a. Tè gen yon sediksyon relijye depi kòmansman an menm nan Edenn, e se menm jan an depi lè sa. Nan tan Adan, se te yon sediksyon. Nan tan Noye, se te yon sediksyon. Nan tan Jezi, se te menm bagay la. E kounye a se menm bagay la, menm jan an, yon sediksyon relijye!

<sup>39</sup> Kounye a, n ap remake tè a, lè Bondye te genyen l sou kontwòl. La, lè Bondye te gen kontwòl . . . te genyen l sou kontwòl Li. Apresa, lè Satan te pran kontwòl, nan rejte Pawòl Bondye a. Te gen yon lè Bondye te gen tè a sou kontwòl Li. Li te plase l nan òbit li. Li te plase l, t ap fè l fonksyone. Li te fè tout bagay, te genyen l sou kontwòl Li. Kounye a n ap konpare sa avèk apre lè Satan te pran l sou kontwòl pa l.

<sup>40</sup> Bon, sa te pran Bondye sis mil an. Sa pa t pran L tout tan sa, men Limenm te pran tan sa. Sis mil ane, paske yo anseye nou ke “yon jou nan Syèl la se mil an sou tè a,” e se te nan sis mil an, oswa sis jou ke Bondye te fòme tè a. Kounye a, sa te pran Bondye sis mil an pou etabli l, plante l ak bon semans pou pwodui tout bagay selon espès yo. Tout bagay dwe pwodui selon espès yo. Tout semans Li yo te bon, kifè yo dwe pwodui selon espès yo. Bondye te pran sis mil an.

<sup>41</sup> Finalman, lè L te fin fè tout sa, epi finalman nou . . . te rive finalman ak katye jeneral li, tè a, nan yon bèl kote nan lès Edenn, ke yo rele jaden Edenn lan. Bondye te fè katye jeneral mond lan nan jaden Edenn, nan peyi Lejip, jis nan bout lès jaden an se te katye jeneral la.

<sup>42</sup> E Li te mete pitit gason L ak madanm pitit gason L, chèf sou tout bagay, sou tout bagay la nèt. Se vre. Se sa Bondye te fè. Li te mete yo an plen kontwòl. Yo te ka pale ak van yo, e yo t ap sispann soufle. Yo te ka pale ak pyebwa a, e li te konn deplase de *isit la a laba a*.

<sup>43</sup> Lyon ak lou te konn manje ansanm, e ti mouton an te konn kouche avèk yo. Pa t gen okenn mekanste. Se te lapè pafè, amoni pafè, tout bagay nan pèfeksyon, lè Bondye te genyen l sou kontwòl Li. Epi li . . . remake, Li te gen—Li te gen mond Li, Li te gen tout bagay ap fonksyone. Li te gen tout bagay ki t ap vini. Yo tout te manje plant; pa gen anyen ki t ap mouri, pa gen anyen ki t ap gate, pa gen anyen ki t ap pèdi. Anyen . . . Sa te jis pafè.

<sup>44</sup> Epi alatèt tout bagay, Li te plase timoun byenneme L yo, pitit gason L ak pitit fi L, yon mari ak madanm, pou kontwole l.

<sup>45</sup> Bondye te tèlman satisfè! “Epi L te repoze de tout zèv Li yo, nan setyèm jou a,” e Li te konsakre setyèm jou repo sa a pou Limenm.

<sup>46</sup> Paske, Bondye te kontanple tout bagay la, apre Li te fin pran sis mil an ap fasonnen l epi prepare l, pou fè l vin alegzistans; te plase mòn yo, epi te fè vòlkan yo pouse mòn yo monte, ak bagay ki te rive nan boyonnman vòlkan yo; te seche l, epi te aranje l fason Li te genyen l lan. Se te yon vrèman bèl kote.

<sup>47</sup> Pa t gen anyen tankou sa, paradi ekstraòdinè Bondye a! Ak dinozò jeyan sa yo, ak tout sa k te genyen an plis, ki t ap ranpe, ak gwo bèt yo; okenn mekanste ladann. Yo te osi dou ke yon ti chat. Yo pa t gen ankenn menas ditou; okenn—okenn maladi,

okenn tristès; pa t gen yon sèl jèm maladi sou tè a. Oo, ala yon plas!

48 Gwo zwazo yo t ap vole de pye bwa an pye bwa, epi Adan te ka rele yo pa non yo, epi yo t ap vole vin sou zepòl li epi—epi ap chante pou li. E, Oo, ala yon bèl kote Bondye te genyen!

49 Apre sa te fè youn nan atribi L yo apati de Pwòp Kò pa L. Bondye gen atribi yo nan Kò Li.

50 Menm jan an, ou se yon atribi papa w. Epi, remake, ou te nan gran aryè aryè granpapa w. Men, konsènan sa, ann di, n ap rete sou oumenm ak papa w. Kounye a, ou pa t konn anyen lè w te nan papa w. Jèm lavi a soti nan gason an. Gason an gen selil san an; fanm nan gen ovil la—la; bon, se poutèt sa, selil san an gen lavi a ladan l. Epi, lè sa a, lè w te nan papa w, ou an reyalyte pa t konn anyen sou sa. Men, poutan, lasyans ak Pawòl Bondye pwouve ke w te nan papa w, men ou pa t konn anyen sou sa.

51 Men apre sa, papa a te anvi konnen w. Epi nan inyon koneksyon ak manman an, konsa ou te fè konesans ak papa. Kounye a, ou se atribi papa w. Ou sanble avè l, e ou gen pati nan kò w ki sanble ak papa w.

52 Bon, se fason sa Bondye te ye nan kòmansman an. Chak pitit gason Bondye ak chak pitit fi Bondye te nan Bondye depi nan kòmansman. Ou pa sonje sa kounye a, men ou te la. Li te konn sa. Epi L te vle w fèt pou L te ka kontakte w, pale avè w epi renmen w, ap ba w lanmen.

53 Èske w pa ta vle pwòp pitit gason w. . . Èske se pa yon gran jou lè ti gason w nan ka antre lakay pou chita bò tab la? Lè l sot sou chan batay la, oswa yon lòt bagay, chaje ak sikatris, ki jan w pral prepare manje a, w ap fè touye ti bèf byen gra a, oswa kèlkeswa lòt bagay an plis la, pou ap prepare pou li! Se pwòp kò w ak san w, e li te nan ou. Ou pa t konnen l lè sa a, men w konnen ke l te la.

54 E kidonk Bondye te konnen ke nou t ap la, men apre sa Li te mete chè sou nou pou nou te ka an kontak. Pou L te ka kontakte nou, Li te vin youn nan nou lè L te vin Jezikri, Pitit Bondye a Limenm, plenitid manifestasyon Bondye. Kidonk se te objektif Bondye, montre atribi L yo nan fratènite.

55 Lè m te nan papa m, mwen pa t konn anyen de sa. Men, lè m te vin pitit gason l epi te soti nan li, mwen te yon atribi, yon pati de papa m. E ou se yon pati de papa w.

56 Epi antanke pitit Bondye, nou se yon pati atribi Bondye ki te nan Li, ki te vin chè tankou Limenm te vin chè, konsa nou ka gen kominyon fratènèl youn avèk lòt, tankou yon fanmi Bondye sou tè a. E se te objektif Bondye nan kòmansman an. Wi mesye. Se sa Bondye te vle nan kòmansman an.

57 Li te gen tout bagay sou kontwòl. Epi Li te plase lòm nan jaden Edenn nan, sou baz lib abit li; ap di, “Pitit mwen, se pa w.”

58 Ala yon bèl plas! Bondye te tèlman satisfè, jiskaske L jis te retounen epi repoze de tout zèv Li yo. Chak pyebwa pa t janm pouse pikan ak epin. Ankenn ti fwi pa t janm soti nan yon pye pikan. Tout bagay te pafè. Tout semans yo te pafè. Tout bagay te nan kondisyon pafè.

59 Alò lè L t al pran yon ti repo, lènmi L te glise kò l antre ak sediksyon, pou l te pran kontwòl, nan mal entèprete pwogram Li bay pitit Li yo. Alòske, Li te met konfyans nan Pwòp pitit Li; menm jan ou met konfyans ou nan pitit fi w men li k ap soti lannwit ak gason; alòske w met konfyans ou nan pitit gason w men li ki dwe pati ak yon ti tafyatè oswa yon jenn gason ki fimen. Ou wè, Li met konfyans Li nan pitit gason L lan, ke l pa t ap fè anyen ki mal, e ke l t ap kenbe tout Pawòl Li te di. Men lènmi an te glise kòl antre; tankou kat make sa a ki ta pran pitit fi w soti pou konpòte tèt li mal; oswa—oswa kèk fanm ta pran, ta soti ak pitit gason w, pou fè menm bagay la. Ou wè, li te glise kòl antre. Lènmi Bondye a te glise kòl antre pou te mal entèprete Pawòl la bay Èv.

60 Kounye a, limenm, akoz de chit sa, li te pran kontwòl epi te posede jaden Edenn lan limenm. Li te pran kontwòl li. Epi la li te gen sis mil an nan dominasyon twonpri; ap twonpe moun yo, pitit Bondye yo, jan l te fè l lè sa. Paske, yo te sou yon baz lib abit, pou yo aji jan yo te vle. Epi kwè ke yo t ap aji byen, oswa yo fè konfyans ke yo t ap aji dwat, lè sa a yo te vini ak move zak la, e yo te vann dwa denès yo, menm jan Ezayi te fè l la, pou mond lan. Epi Satan te genyen l, e l te pran kontwòl li. E li te gen sis mil an pou konstwi Edenn pa l la, menm jan Bondye te pran sis mil an pou L te fini nèt ak Edenn Li a. Epi ak twonpri, twonpri konsènan Pawòl la, oswa moun yo, kounye a ki te etabli pwòp Edenn li sou tè sa a, nan peche.

61 Edenn Bondye a te etabli nan lajistis. Edenn Satan an etabli nan peche, paske Satan se peche. Bondye se lajistis, e wayòm Bondye a te etabli nan lajistis, ak lapè, ak Lavi. Epi fondman pa Satan an se nan peche, e se peche relijye.

62 Remake kijan l te twonpe a, twonpri l la, jan l te di li t ap fè a. Li te pwomèt pou fè sa. Èske gen moun ki te konn sa? Ann al nan Ezayi, si w vle kèk nan Ekriti sa yo. Si w. . . M ta dwe site plis nan Yo, mwen kwè. Ann al nan Ezayi chapit 14, jis yon ti moman, jis pou wè sa Satan te di la a, jis yon ti moman. Nan Ezayi 14, n ap li l, epi gade sa kanmarad sa a te fè. Ezayi 14, n ap kòmanse ak vèsè 12 la.

*Gad jan w te tonbe sot nan syèl la, O Lisifè, pitit gason maten an! Gad kijan w te tonbe plat atè, oumenm ki te febli nasyon yo!*

*Paske w te di nan kè w, m pral monte nan syèl la, m pral elve fotèy mwen an pi wo pase zetwal yo (sa a se*

pitit gason yo), *zetwal Bondye yo: e m ap chita sou mòn kongregasyon an, . . . sou bò nò a:*

*Aprè sa, m pral monte nan wotè anwo nwaj yo; e mwen pral tankou Sila ki pi wo Syèl la.*

<sup>63</sup> Kounye a konpare sa isit la ak lòt Ekriti nou yo ki nan Tesalonisyen, toutalè a, kouman li te di: “Li chita nan tanp Bondye a, ap elve tèt li pi wo pase tout sa yo rele Bondye, pou yo adore l antanke Bondye menm jan ak Bondye sou tè a.”

<sup>64</sup> Men bondye monn sa a ke m te preche nou sou li Dimanch pase a. Men li jodi nan twonpri, nan moman danje sa a, tan terib sa a ke n ap viv la. Se tan ki pi gloriye nan tout aj yo, paske n ap fè fas a gran Milenyòm lan ankò; n ap fè fas a Edenn lan ankò. Men nan aj sa a menm, tout twonpri ak tout taktik ke l te janm itilize epi te rive sedui avèk yo a, li te rasanble yo tout ansanm epi te ranfòse tèt li; apres a te desann antanke Bondye, pou mete l limenm nan plas Bondye; relijye, epi ka site Ekriti yo epi ka ba w de Ekriti yo, jis menm jan Satan te fè Èv nan jaden Edenn lan. Men l ap retire yon sèl ti bagay ladan L, se tout sa l dwe fè, fòse brèch sa a, kote doktrin anpwazonnen dyab la ka devèse atravè li, tankou Filtè nonm ki reflechi a ke nou t ap pale lòt jou swa a.

<sup>65</sup> Bon, li te di li t ap elve l anlè tèt Trè Wo a; li t ap monte pi wo ke nwaj ak zetwal yo, epi l t ap chita la tankou Bondye, epi li t ap anlè tèt Trè Wo a. È li te reyisi mete an plas menas li yo. Li te sètènman ranpòte yon siksè fòmidad nan mete an plas menas li yo, ak moun yo k ap kite l bay eksplikasyon, nan chak aj, detèmine valè Pawòl Bondye te pwomèt pou aj sa a. Se egzaktman jan sa a li te fè l. Nan chak aj, li te bay vèsyon pa l.

<sup>66</sup> Nan tan Noye a, li te eksplike ke l te enposib pou lapli sot nan syèl la, paske, “pa gen lapli anwo a”. Gwo levanjil syantifik li a ke l te preche nan jaden Edenn nan! Li te ka pwente enstriman nan direksyon lalin lan pou pwouve pa gen imidite anwo a. Men Bondye te di t ap gen yon lapli k ap vini. Men Satan te reyisi, e l te anpwazonnen lespri moun yo, ak rechèch syantifik, kòm kwa, “sa pa t ka fèt.” Men, sa te fèt. Bondye te di sa t ap fèt, e sa te fèt. Li te fè l.

<sup>67</sup> Bon nan epòk Jezi a—a, li te fè menm bagay la. Li te anpwazonnen lespri yo ankò ak twonpri, ou wè, nan mal entèprete Pawòl la. “Si W se Pitit Bondye, kounye a kite m wè W fè yon bagay sou sa.”

<sup>68</sup> Jezi pa t fè komik pou li. Li pa t janm fè l. Bondye pa yon komik. Li pa oblije reponn a anyen ke Satan mande. Li te gen sèlman . . . Jezi te di, “Men li ekri ke, ‘Ou p ap viv . . . Lòm p ap viv ak pen sèlman, men ak tout Pawòl ki soti nan bouch Bondye.’” Ou wè, Li pa t oblije fè komik, pou li. Li pa t oblije fè pen. Li te ka fè l, men Li t ap koute dyab la, kifè Li pa t oblije koute dyab la.

69 Epi ankò se peche relijye, tankou nan kòmansman an, tèlman twonpè. Obsève l kounye a. Se pa jis vye peche chak jou, fè adiltè epi vin sou, epi sèvi ak Non Bondye pou granmesi. Se pa sa. Non.

70 Ou sonje plizyè lane de sa, anpil nan nou isit la, ansyen yo, chonje mesaj sa a mwen te preche a, sou *Desepsyon Lè Jijman An*. Pwostitye a, li pa pral desi lòtbò a. Li konn kote l prale. Tafyatè a pa pral desi lòtbò a. Kontrebandye a, jwè aza a, mantè a, vòlè a, li pa pral desi. Men, nonm sa a ki panse li kòrèk la, se la w jwenn desepsyon an.

71 Se kanmarad sa a, ki di, ki vin di: “Seyè, èske m pa t preche Levanjil la, èske mwen pa chase demon, nan Non W?”

72 Jezi te di: “Rale kò w . . .sou Mwen, ou menm ki komèt inikite. M pa t janm menm konnen w.” Men desepsyon an, ou wè, twonpil sa a.

73 Se sa toutan m ap . . .se la a yo tèlman mal konprann mwen an. Se pa ke m vle diferan. M pa vle diferan, men mwen dwe onèt. M gen yon Mesaj, e Sa dwe al jwenn moun yo. Ap rann li pa fasil pou konprann pami moun yo. Yo panse m kont tout moun. Si sèlman to te konnen, mwen pou tout moun, e m ap eseye fè tout sa m kapab pou pote ba yo sa k Verite a, senpleman jan Sa te plase sou kè m ak fason Sa devwale nan Bib la la a. Epi Bondye pwouve ke se Verite a, kidonk pa gen anyen lòt ki ka fèt konsènan Sa. Kidonk, se swa ke yo gadé L, oswa yo pa fè l.

74 Ou wè, yo pa vle wè L, paske yo te deja pran pozisyon, yo te vann dwa denès yo bay kèk òganizasyon, kèk denominasyon; pou mete dwa denès yo aleprè, pou al nan Syèl sou baz kèk relijyon òganize, ke Satan se tèt chak ti pati ladann. Bondye pa t janm gen yon relijyon òganize, pa t janm genyen. Apre sa, yo kwense nan sa, kote yo se, yon bann moun, entèprèt Pawòl la pou ap di di Li vle di *sesi* e Li vle di *sela*.

75 Bondye pa bezwen okenn entèprèt. Li bay Pwòp entèpretasyon pa L. Li pa bezwen okenn lòt moun pou di L kijan pou fè l. Li souvren. Li te di ki jan L t ap fè l, e se fason sa Li dwe kenbe Pawòl Li. Lè L te di: “Siy sa yo va swiv moun ki kwè yo,” Li te vle di jis sa. Kèlkeswa sa L te di ki t ap rive a, Li te di sa t ap rive nan dènye jou sa yo, ke L t ap fè dè bagay, e L te fè l. Li pa oblije mande pèsonn si se lè a ou pa. Li konn kilè tan rive, e kisa plan an ye.

76 Kounye a, Satan, twonpè sa a, jan yo pale de li nan Matye 24:24, avèk tèlman sediksyon. Boon, nou jwenn ke atravè pwogram konesans levanjil li a, pi bon edikasyon, prensip pi elve, sivilizasyon, elatriye, te andyoze moun ki vle sèvi Bondye yo, pou yo kwè nan manti l la.

77 Èv pa t vle fè sa, men li te montre l jan sa te gen plis sajès ladann. Èv pa t konnen; li te vle konnen. Li pa t konprann, men li te vle konprann. E Bondye te di l pou l pa t eseye konprann.

78 Kijan m ka konprann nenpòt nan bagay sa yo? M pa ka konprann yo. Mwen kwè yo. M pa oblije konprann yo. Bondye se lafwa, pa konpreyansyon. Nou jis kwè sa L di.

79 Bon, konpare Edenn Bondye a ak pa Satan an kounye a, apre sis mil an ap pèvèti vrè entèpretasyon Pawòl Bondye te pwomèt pou aj la. Ann konpare l kounye a, pou wè ki kote n rive. Menm jan l te fè pou legliz la nan—nan epòk Kris la, nan Jezi, ap eseye anpeche—anpeche pitit gason fidèl Bondye yo konn Verite a. Sa se Bondye. Bondye te mete pitit gason L yo la, atribi L yo, pou fratènize avè L nan ap tandè Pawòl Li a.

80 E si papa w ta di w, epi ou se yon pitit gason fidèl a papa w, e li te di w, “Pitit mwen, pa antre nan dlo sa a deyò la, pou naje, paske gen kwokodil nan dlo sa a”; epi yon kanmarad vini, ta di, “Se sèten, yon dlo si bèl konsa, pa gen okenn kwokodil ladann ”? Kounye a kimoun ou pral koute? Si w se yon pitit gason otantik, w ap koute papa w.

81 E yon vrè pitit gason oswa pitit fi Bondye pran Pawòl Bondye a dabò. Mwen pa bay enpòtans a sa lòt moun ap di sou sa, yo pran Pawòl Bondye a dabò. “Gen pwazon nan gode a,” e yo kwè l.

82 Ak lafwa nan tout Pawòl Li, Semans Li yo, te mennen yon Edenn ak sentete, lanmou e Lavi Etènèl. Se sa Edenn Bondye a pwodui, sentete. e sa te pwodui yon Edenn ak sentete, lanmou, konpreyansyon, pèfeksyon, epi Lavi Etènèl. Se sa ke Bondye ap plante: Pawòl Li, Semans Li. Se sa Legliz Li ap ye alafen; Se va menm bagay la.

83 Remake, men yon panse. Piga w bliye l. M ap pran l yon lòt fwa oswa nan yon lòt Mesaj. Men, ou konnen, Bondye di, “Se pou chak semans pwodui selon espès li.” Eske sa a se kòmandman Bondye a? Kounye a akwa bon nenpòt predikatè, oswa nenpòt lòt moun, k ap eseye fè Pawòl sa a di yon lòt bagay? Ou wè, chak Pawòl Bondye se yon Semans. Jezi di sa, “Yon Semans ke yon semè te simen.” Kidonk si Mak 16 se Pawòl Bondye, l ap pwodui selon espès li. Si Malachi 4 se Pawòl Bondye, l ap pwodui selon espès li. E tout lòt pwomès dwe pwodui selon espès li.

84 Ou wè, gade Satan deyò la a ki degize? L ap eseye di, “Se pa sa, se pa konsa.” Ou konprann sa? Ou wè, Satan di: “Oo, Sa pa pou jodi a. Sa, sa—sa se. . . Sa te pou yon lòt lè. Sa, sa pa menm vle di sa.”

85 “Chak semans dwe soti selon espès li.” Se konsa Bondye te etabli Edenn Li. Èske se vre?

86 Epi men li: Se konsa Bondye etabli Legliz Li, chak Pawòl dapre espès pa L! “Lòm p ap viv ak pen sèlman, men ak tout Pawòl ki soti nan bouch Bondye.”

Ou wè? Satan, pral pran yon lòt bagay, men, Bondye di, “Chak semans selon espès li.”

87 Si pwomès la te di: “Siy sa yo va swiv sa yo ki kwè,” kounye a, legliz la di, “Fè w manb legliz. Resite credo. Aprann katechis.”

Pa gen bagay konsa nan tout Bib la.

88 Men Jezi di: “Siy sa yo va swiv sa yo ki kwè: nan Non Mwen yo va chase demon; yo va pale nan lòt lang; si yo kenbe sèpan an, oswa si yo bwè bagay mòtèl yo, sa p ap fè yo mal; si yo poze men yo sou malad, yo va geri.” Kimoun k ap renye Sa? Ou wè?

89 “Chak semans ap pwodui selon espès li.” Si w se yon semans Bondye, yon atribi, yon pitit gason Bondye, alò Pawòl Bondye a seme nan ou. Ou wè? Apre sa lè w tandè Pawòl Bondye a, “Mouton m yo tandè Vwa Mwen; yo pap swiv yon etranje.” Ou sezi l? “Alò, chak semans ap pwodui selon pwòp espès pa l.”

90 Kounye a nou dekouvri ke, chak semans ap pwodui selon espès li, pa t gen lanmò nan nouvo . . . nan Edenn sa a. P ap gen lanmò nan nouvo Edenn nan. Ou wè, pa t genyen, anyen lòt ke sentete, sa ki pi, epi Lavi Etènèl.

91 Kounye a, akòz enkredilite nan tout Pawòl Bondye a, sa te pwodui semans enpi a nan Edenn pa Satan an. Kounye a n ap antre kote Satan ap pran twòn lan, antanke antikris, nan yon—yon Edenn sou tè sa a, yon Edenn peche, relijyon pèvèti. Li pa t kòmanse sou baz, “Mwen se Satan. Mwen se anj enpresyonan an.” Non, pa sou baz sa a, men sou baz ap pèvèti Pawòl Bondye a. E se konsa li te abouti a wayòm li an, nan chak aj. Epi kounye a nan gran aj sediksyon sa a, prè pou pran twòn li, ak moun li yo! Li te bati limenm yon Eden entelektyèl, edike, syantifik; kòrèk, ak predikatè syantifik, legliz syantifik, teyoloji syantifik, tout bagay syantifik. Tout bagay se sou baz konesans. Tout legliz la nèt bati sou konesans. Li pa bati sou lafwa.

92 Yon fwa mwen t al fè yon reyinyon nan legliz yon nonm. Se te yon gwo oditoryòm nan lwès. Yon nonm janti, epi li te nye bagay sa yo ke n t ap pale a. Men, kanmenm, li te . . . Mwen te renmen l; yon nonm janti, yon nonm aje. Lè asanble l la t ap soti . . . Li te konn pran anviwon si mil plas pou moun chita. Lè asanble l la t ap soti, nan sèvis apremidi, anviwon mil senksan, yo tout te moun entelektyèl byen-abiye. M te chita la a ap obsève yo.

93 Li te preche yon trè bon mesaj, nonm lan te fè sa. Apre sa, li te konn mande si yon moun vle aksepte Kris; pou jis leve men yo. E pesonn pa t konn leve men yo. Epi finalman yon dam te leve men l. Li te konn di: “Dakò, kounye a ou se yon Kreyen,” epi prepare l pou batèm. Apre sa, lè l t ap soti . . . Li te konsake yon ti bebe, te bo ti bebe a epi te priye pou li, e li te voye oditwa ale.

94 Lè asanble l la te fin soti, yo tout byen janti, byen enstwi, moun edike. La a mwen te kanpe sou kote, pou bay nonm lan lanmen pou swete l bòn chans, pandan l t ap soti.

95 Epi lè m te fè sa, men foul pa m nan ki t ap antre. Yo pa t ka kite yo antre pandan foul pa l la te la. Men pa m yo, nan chèz

woulant, branka, kamizòl fòs, moun fou, ak tout lòt bagay. Ou wè diferans lan? Se sa. Se de bagay sa a m ap pale a, ou wè. Ou wè, se yon bagay diferan.

<sup>96</sup> Alòske, grasa konesans syantifik, ou ka pwodui yon Levanjil *konpreyansyon*, ke, oumenm se, “sila ki kwè nan Jezikri p ap kondane,” ou wè.

<sup>97</sup> Men se, “Siy sa yo va swiv sa yo ki kwè,” ou wè, li echwe mete Sa ladann, ou wè. Manzè te kwè nan Jezikri, li sove, si siy sa yo swiv kwayan an.

<sup>98</sup> “E sila ki tande Pawòl Mwen,” pa jis ap fabrike, pa jis tande L ak zòrèy ou, men, “konprann Li.” Nenpòt moun ka tande L; yon pwostitye ka tande L epi rete yon pwostitye; ou wè, yon tafwatè ka tande L; yon mantè ka tande L epi rete yon mantè. Men, “Sila ki konprann Pawòl Mwen, e ki kwè nan Sila ki voye M lan, gen Lavi etènèl.” Men ni, ou wè.

<sup>99</sup> E okenn moun pa ka fè sa eksepte si Bondye te òdone l davans. Jezi te di, “Pèsonn pa ka vin jwenn Mwen, eksepte si Papa M atire l, e tout sa Papa a te ban Mwen yo va vin jwen Mwen.” Amèn. Tou sa se souverènte ak presyans Bondye. L ap viv endepandan e pa gen pèsonn ki ka di L sa pou l fè.

<sup>100</sup> Kounye a, poutèt enkredilite, nan refize pran tout Pawòl Bondye a, sa te mennen yon semans enkredilite, enpi, peche, rayisman, epi lanmò Etènèl nan aj legliz entelektyèl, pechè sa. Kounye a w sezi l? Nan jou sa, kote lemonn antye relijye! Ou te konn sa? Lemonn antye relijye. Epi nan aj relijye sa, gwo legliz nan chak kwen; tout bagay, tout bagay la nèt ap abouti nan adorasyon Satan. Se sa l ye, drèt la a nan Bib la. Se vre. E nan seminè entelektyèl, teyoloji sa yo ki te pwodui yon moun entelektyèl ki te resevwa antrènman sou fason pou l pale, sa pou l fè, kijan pou pwojete emosyon l yo, epi tout bagay tankou sikoloji, pandan twa a katran, pou konn kijan pou trete ak lespri yon moun. Ou wè, se . . .

<sup>101</sup> Lespri Bondye se pa yon bagay ke, ou, yo te aprann ou lekòl. Se yon bagay ki predestine nan ou, pa men Bondye Toupwisan an. Yo pa ka enstwi oswa mete ekseperyans ou yo anndan w. Sa predestine, pa men Bondye ak presyans Bondye, anndan w. Se sa.

<sup>102</sup> Bon, sa te pwodui gwo Edenn sa a ke y ap viv ladann la, yon legliz Edenn mond lan. Yo tout reyini ansanm kounye a nan gran Konsèy Ekimenik la, e yo pral gen legliz mondyal la yo tout ap vin anba yon sèl chèf, kote Satan pral chita sou twòn lan, jis egzakteman.

<sup>103</sup> Epi dènye apèl la ap lanse, pou atrape Epouz la anvan L rantre nan sa. Paske yon fwa w rantre nan sa, li resevwa mak bèt la, e li kondane, li pa p janm soti ladan l. Se poutèt rezon sa a, sa di: “Soti nan mitan yo, pèp Mwen,” anvan sa antre nan li, ou wè. “Soti nan mitan yo, epi separe nou.”

<sup>104</sup> Kounye a, se rayisman ak lanmò, ak separasyon Etènèl de Bondye, nan Edenn sa; konvwatiz, salte, pèvèsyon (kouman?) ap seme move semans lan.

<sup>105</sup> Sa raple m vizyon mwen te wè anvan m te rankontre moun Pannkotis yo, de Nonm sa ki t ap fè tou mond lan, an blan. Ou konn tandè m ap rakonte sa anpil fwa. Epi yon lòt te vini apre Li, ap seme semans diskòd.

<sup>106</sup> Men li te ranpòte viktwa kòrèkteman, nan Èv . . . nan jaden Edenn lan, akòz konvwatiz Èv pou peche; konvwatiz Èv, pou peche. Alò, si Èv te konvwate konesans, se te peche.

<sup>107</sup> E lè nou konvwate konesans, nou vle yon Doktora. an Filozofi., Doktora. an Lèt e Literati., se yon peche pou fè sa. Sa se yon deklarasyon fò, men se Laverite. Pe enpòt jan sa fò, se toujou Laverite, ou wè. Pou konvwate konesans, konpreyansyon!

<sup>108</sup> Pwoblèm lan se, sè ke, jodi a nou p ap eseye etabli Pawòl Bondye a nan kè moun yo. N ap eseye etabli tèt nou. Legliz yo ap eseye etabli doktrin legliz la, nan kè yon moun.

<sup>109</sup> Yo te òdone nou pou etabli Pawòl Bondye a. Pòl te di, “Mwen pa t vin kote w avèk pawòl seduizan lòm, pou ke fwa w ka repoze sou konesans lòm; men mwen te vin kote w nan pwisans, nan manifestasyon Sentespri a, pou ke fwa w ka repoze sou Bondye.” Men li.

<sup>110</sup> Lòm pa dwe etabli tèt li. Nou jwenn sa pami . . . Kite Bondye fè yon bagay pou yon moun pou voye l, ou dekouvri ke tout moun ap eseye imite sa. Ou wè, y ap eseye etabli tèt yo. Chak moun se, “Mwen te fè *sèsi*. Mwen, mwenmenm, pa m, denominasyon m, mwen, *sèsi*,” ap etabli tèt yo. Sou kisa n ap preche, sou tèt nou oubyen sou Wayòm Bondye a?

<sup>111</sup> Etabli Pawòl Bondye a. Retire enkredilite epi etabli Wayòm Bondye a nan kè lòm. E Wayòm Bondye a pa ka etabli nan kè yon nonm sòf si Bondye te kreye nonm sa konsa. Li pa ka etabli nan yon . . .

<sup>112</sup> Epi, sonje, pati twonpè a, sè ke moun yo panse ke se kòrèk. Ou wè. “Gen yon chemen ki sanble kòrèk pou yon nonm.” Chak kreyati entèlektyèl sanble gen rezon.

<sup>113</sup> Jan m te di w la kèk Dimanch pase; lè m te kanpe bò kot ti bebe m nan ki t ap mouri, e Satan te kanpe la pou ap di, “Men papa w, ki te mouri nan bra w lòt nwit pase a. Men madanm ou ki lonje la nan yon—nan mòg la, e men ti bebe w la ki prale. E ou te mande L pou reponn ou, e Li te rale . . . Li te rale rido a desann sou ou. Bon, e poutan Li se yon Bondye ki bon, e poutan ou te di Li se yon Gerisè. E ou menm, ki kanpe pou sa w di ki kòrèk, ou tronpe w.” O, chak rezònman, chak fakilte mantal te dwe dakò ke se te vre; e li te gen rezon, jiske la.

<sup>114</sup> Menm jan li te gen rezon lè l te di Èv, “Je w va louvri, e ou va konnen byen ak mal. E ou va vin tankou ti dye yo, fason sa,

w ap konnen byen ak mal,” paske Bondye pa t ko kite yo wè tèt yo ankò, ke yo te toutouni. Kifè yo te konsyan yo t ap konnen byen ak mal; e li te gen rezon. Men, ou wè, sa te kontrè ak Pawòl Bondye a.

<sup>115</sup> Se konsa ak minis yo nan seminè, ap aprann teyoloji lòm fè; sa ka sanble l kòrèk, sa ka bay yon bon konpreyansyon de bagay la, men se fo.

<sup>116</sup> Nou pa oblije konprann Li. Nou kwè L paske Bondye te di sa, e sa regle l pou tout tan. Tout bagay la nèt, se fason pou kwè L la.

<sup>117</sup> Oo, ala anvi Èv te anvi yon Doktora. an Filozofi., ou wè, ala li te gen dezi vin pi entèlijan ke jan l te ye a!

<sup>118</sup> Remake jan sa te parèy, pou nonm lan ak madanm li. . . Kounye a remake, nonm lan ak madanm li, toulède toutouni nan jaden Edenn lan, Edenn Bondye a.

<sup>119</sup> kounye a m pral fini. M te di m pral kontinye jis kèk minit. Gade, obsève kounye a, pandan n ap fini.

<sup>120</sup> Konpare sa kounye a, jan sa te sanble ak nonm sa ak madanm li, toulède nan Edenn Bondye a, san ke yo pa t genyen menm yon ti moso rad sou yo, e yo pa t konsyan de sa. Poukisa yo pa t konsyan de sa? Paske yo te vwale konsènan sans nidite yo, pa Vwal Sen an, Sentespri a. Yo te ka gade toudwat youn lòt, e yo pa t konsyan ke yo te toutouni. Yo te vwale ak Sentespri a, ak sentete. Yo te vwale.

<sup>121</sup> Vwal Bondye a, ankò jodi a, ka gade san konvwate. Yo vire tèt yo. Se yon Vwal Sen, ou wè, yon Vwal Sen. Bondye te gen kontwòl je yo. . . yo te toulède, youn te yon gason e lòt la te yon fanm, e yo pa t konsyan ke yo te toutouni, paske sentete Bondye a te gade je yo vwale. Remake, Bondye te kache konsyans yo de peche, ak Vwal Sen an.

<sup>122</sup> M swete nou te gen tan pou etann sou sa, kèk minit. Gade byen, “Paske limenm, adoratè a, yon fwa l fin pirifye,” Ebre, “adoratè a yon fwa l fin pirifye, pa gen ankenn konsyans de peche ankò.” Peche disparèt kite l.

<sup>123</sup> Mwen te tande Frè Neville di, maten an, yon moun dwe te mande l poukisa m pa t preche sou Sentespri a, poukisa mwen pa t fè *sesi*. Men li. Sentespri a se aksyon ki nan ou a. Se yon Vi, pa yon emosyon; pa kèk sòt de prèv chanèl. Men Se yon Pèsòn, Jezikri, Pawòl Bondye a ki etabli nan kè w, pou vivifye chak Pawòl aj sa. Byen. Obsève Sentespri a an aksyon, pa sitèlman nan manifestasyon yo; men, an aksyon, sa L ap fè dapre Pawòl la.

<sup>124</sup> Remake kounye a Sentespri a, Pawòl Sen Bondye a, te gen yon gason ak yon fanm toutouni, e yo pa t konsyan de sa. Ala bèl, Lavi Pawòl la; Semans lan, Pawòl la!

125 Bondye di: “Gen yon pyebwa nan mitan jaden an, se fanm lan. E nan mitan jaden an ou te jwenn pyebwa sa; pa menm touche l. Paske, jou w va manje ladann, jou sa w ap mouri.” Sentete te vwale yo de li, yo pa t konn anyen de li, piga w oze touche l.

126 Sentete te vwale yo. Yo te an sekirite nan paviyon Bondye. Yo te vivan. Yo pa t gen lanmò bò kote yo. Alelouya! Yo te gen lanmou pafè youn pou lòt, Lavi pafè pou tout tan. Yo te gen lanmou pafè, yon konpreyansyon pafè sou lanmou Bondye. Yo te gen Pawòl Bondye a, e yo te kenbe L. E yo te vivan epi yo te an sekirite nan Edenn Bondye a, san okenn lanmò, ditou, nan viwonn lan.

127 Aprea, Satan te fè Èv koute levanjil teyoloji l la, levanjil konesans lan, ansèyman siperyè, etik siperyè, meyè sivilizasyon, edikasyon siperyè, e latriye; apre lè l fin fè . . . manzè kanpe pou tande l yon minit, rezònman l yo (ke yo òdone nou pou chase), pandan li te fòse l koute.

128 “Kounye a, gade la, legliz se *sesi-sela*. Li te etabli depi tèlman lontan. Nou se youn nan pi ansyen legliz nan peyi a. Majistra vil la al la.” Mwen pa fè ka de sa sa ye, ou wè. Si li kont Pawòl Bondye a, pozisyone w kont li. Se lènmi w. Tout sa ki kont Pawòl la se lènmi w.

129 Tout sa ki pou Pawòl la se frè w. Li yon pati de ou.

130 Obsève, manzè te retire Vwal Sen an, pou wè kisa sèks te ye vrèman; fè konparezon an, kisa konwatiz t ap fè vrèman. Li te retire Vwal la sou je l, bagay sen Bondye te met sou je l la. Li te vle konesans, pou konnen kisa tou sa te ye; kifè li te retire Vwal la pou wè kisa sa te gen ladan l. Li te koute dyab la, e remake kote sa te mete l.

131 Yo te fè menm bagay la nan chak aj ki vin aprè yo, toujou pran kote entèlekyèl la; e kounye a te bati yon wayòm pou Satan, konesans, semans li ke l te plante, e li te pran mond lan pou fè l vin yon Edenn lanmò.

132 Bon remake. Kounye a gade nan Apokalips 3, Aj Legliz Lawodise a. Panse a sa nan lespri w.

133 Kounye a remake. Limenm, Èv, vin rèn Satan. Ou wè, Satan, sèpan an, t al kot Èv anvan Adan t al jwenn li. Ou wè? Se vre. Kifè li te souye l, ou wè; kidonk Satan, sèpan an, te mari Èv anvan ke Adam te janm konnen l. Ou wè, li te souye l. Bib la di li te fè l, e li te pran konsyans ke li te toutouni, apres. Ou wè?

134 kounye a gade Aj Legliz Lawodise a—a. Limenm, Èv, chita antanke rèn pa Satan. “Li rich ak byen mond lan; avèg, toutouni ankò, e li pa konsyan de sa,” menm jan l te ye nan Edenn Bondye a. Men kounye a, se pa akoz Vwal Sen an sou figi l, men vwal konwatiz la. Paske, li te retire Vwal Sen Bondye a sou figi l, e li te mete yon vwal konesans, pou ap konvwate. E kounye a li

gen yon vwal konvwatiz, ki rann li “avèg” a sa poutèt se peche. Li “toutouni” nan lari a, “e li pa konn sa.” Li se yon pwostitiye nan lari a. Fanm yo ak ti bout chòt sa yo, nan je Bondye, se yon prostitiye, “e yo pa konn sa.”

<sup>135</sup> Remake, pran medam nou yo. Kounye a, si w vle wè nan ki kondisyon legliz ye, obsève jan medam yo ap ajì. Li toujou reprezante legliz. Nan Edenn Satan an, ak peche ak enkredilite, yon pèvèsyon relijye; yon wayòm pèvèti. Olye pou pran Pawòl Bondye a, yo te pran aprantisaj entèlektyèl lòm. E olye pou yo pran Legliz, yo te pran òganizasyon, e y ap mennen l rive a yon gwo chèf.

<sup>136</sup> Kounye a remake, pèvèti kite inosans lan. Piga w manke sa kounye a. Legliz te avèk vwal konvwatiz sa sou li. Remake kisa sa te fè l. Li—li pèvèti l de inosans a konesans. Ou wè? Vwal Sen an, li te inosan; avèk vwal konvwatiz sa, li vin konesans. Li konnen sa agreyab. Li konn kisa sa fè, ou wè. Se yon fwi, yon pyebwa ki kreye dezi, ki rann ou saj. Ou wè? Li te pèvèti de inosans a konesans, de sentete a salte konvwatiz, e de Lavi a lanmò.

<sup>137</sup> Wayòm sa dwe mouri. Wayòm sa ap mouri! Bondye nan Syèl la pral detwi l soti sou fas tè a.

<sup>138</sup> Remake, nan pèvèsyon sa, li pase de yon gason a yon fanm, e de yon fanm a yon gason, “e ou pa konn sa.” Yon trè bon produi de Edenn Satan an, si w ap obsève lari jodi a, moun modèn nou yo.

<sup>139</sup> Remake, se Èv ke Satan te itilize pou fè Adan peche pa pouvwa konvwatiz li a. Kounye a menm bagay la, ap fè menm bagay la jodi a. Remake, cheve koupe, figi makiye, abiye seksì, ou wè, li fè sa, e li pa konn ke chak bagay sa yo kontrè a Pawòl Bondye a. Koupe cheve l, fè de li yon fanm san lonè, yon pwostitiye. Pote ti bout pantalon, rann li san gras. Mete rad seksì sou li, fè de li yon pwostitiye. “E li pa konn sa,” pa akòz de sentete Bondye; akòz de konvwatiz Satan. Li lakòz ke . . . Li te lakòz Adan li an te konvwate l.

<sup>140</sup> Li te retire rad Bondye te mete sou li a, laba an Edenn, pou vwayaj li atravè dezè sa—sa. Li te retire l. Li te dezabiye tèt li nèt. Tandiske, Bondye te vlope l komplètman ak po; li te kòmanse retire yon ti bagay a chak fwa, kounye a li retounen kote l te ye nan kòmansman an.

<sup>141</sup> Kounye a li te fè Adam l lan pote souvètman l yo. Yon gason ki pote vye ti bout kanson efemine sa yo, pou soti deyò a, m pa kwè gen anpil sa k gason nan li. Li se pi gwo efemine ke m konnen. Ou wè? Ou wè, li te mennen Adan pèvèti l la ajì tankou l, ou wè, ap pote souvètman pa l. Manzè wè sa l te ka fè deyò laba lè l te retire tout rad li yo ekseptè souvètman l. Sa se bout pantalon yo. Natirèlman, se souvètman fanm, e men Adan pa l la k ap pote yo kounye a. Ki se, dapre Pawòl orijinal Bondye a, “Se yon abominasyon pou yon fanm pou pote yon abi ki fèt pou gason, e

yon gason pou pote yon abi ki fèt pou yon fanm,” sa vin de Pawòl orijinèl la. Reflechi sou sa!

<sup>142</sup> Bon, se li kounye a k ap pote mèch cheve manzè yo, tou. Li penyen yo desann, mete woulo ladan yo. Kèk pami espektak ki pi deranje ke m te janm wè nan vi m, se kèk nan timoun sa yo deyò a jodi a ak ti mèch cheve penyen desan *konsa*, epi kolore, cheve dekolore, avèk kèk sòt de peroksid kèlkonk, epi dekolore cheve yo, epi boukle l ak woulo, pou fè mèch cheve. Oumenm gwo efemine! Se yon bagay tèrib pou di soti sou chè a, men jijman kòmnanse nan kay Bondye. Ou pa menm konn si w se yon fanm oubten yon gason. E m aprann ke Lame Etazini nou an pral soti ak bout pantalon pwochènan. Se vre. Ou wè sa pèvèsyon an ye? Se rad fanm yo; pote mèch cheve manzè yo.

<sup>143</sup> Lòt jou m te nan yon, Howard Johnson; se pa sa ki isit la, men youn ki sou wout la lè w prale. E m te chita byen sezi. Men yon ti gason ki t ap vini, bouch li louvri. E li te gen cheve nwa *la*, e li te penyen l *anlè* konsa; e li te mete woulo ladan l, pou l te boukle l arebò, anlè je l; vire konsa anlè je l, kontinye arebò a. Si m te janm wè yon pèvèsyon! Ou wè, li pa t ap kwè l. Li te ka pwouve petèt ke l se yon mal, men nan lespri l li se yon femèl. Li pa konnen sou ki bò nan kay la li ye. Se vre. Ala yon pèvèsyon!

<sup>144</sup> Se sa Satan fè. Li pèvèti nasyon yo. Li pèvèti legliz. Li pèvèti moun yo. Li se yon sediktè, yon pèvètisè Verite orijinal la.

<sup>145</sup> Bondye kreye yon gason on gason. Li fè fanm lan yon fanm. E Li te abiye yo diferan, e Li te gen entansyon pou yo rete fason sa epi ajì fason sa; youn se feminen, e lòt la maskilen. Li separe Adan nan jaden Edenn lan, e te fè sa, te separe Èv de li.

<sup>146</sup> Kounye a misye pote mèch manzè yo; manzè koupe cheve l tankou pa misye yo, e misye eseye pote pa l yo tankou pa manzè yo. Ou wè? Manzè pote rad eksteryè misye yo, e misye pote rad enteryè manzè yo. Kounye a, sa sonnen tankou yon sakrilèj, men mwen pa di l nan sans sa. Se Verite absoli Levanjil la. Si w pa konn sa, alò gen yon bagay ki pa kòrèk avèk ou; oubyen w avèg oubyen w pa t janm soti nan lari. E manzè ak misye panse ke se kòrèk, yo antann yo sou sa.

Fanm yo di: “Ebyen, li tèlman fè cho!”

<sup>147</sup> Ti tonton Endyen Apach anba a t ap fè w wont de tèt ou. Plis li fè cho, plis yo mete rad, pou gade solèy la a distans de yo; oo, sa fè l transpire, pou w ka gen tankou yon è kondisyone pandan w ap mache. Ou wè? Yo kanpe dirèk nan solèy la.

<sup>148</sup> Ou pa t ap ka sipòte anyen; ou t ap gen zanpoul epi boule. Men, ou wè, se sa w rele edikasyon siperyè. Syans modèn lan te pwodui sa. O la la! Men manzè, “toutouni,” nan Lawodise, “e li pa konn sa.”

<sup>149</sup> Li te toutouni nan Edenn. Ou wè jan de wayòm yo sanble? Youn se peche ak lanmò, lòt la se Lavi ak ladwati. Laba li te

vwale ak yon Vwal Sen. Yo toulède te toutouni; yo pa t konn sa. Yo pa t konn anyen sou sa, paske yo te vwale ak Lespri Bondye.

<sup>150</sup> E isit la yo vwale ak konvwatiz, e y ap gade youn sou lòt pou . . . Ou wè, Adan te ka gade Èv, e li pa t konsyan ke l te toutouni. Men kounye a ak vwal konvwatiz sa, li pa reyalize ke l toutouni, men li fè l sou enfliyans vwal konvwatiz sa pou fè gason gade l. Se pou sèl rezon sa li ka fè l. Ou pa kwè sa, men ou fè l kanmenm, e gason gade. E li dekouvri ke w gen anpil atirans, nan yon pwen ke l vin nan alantou a pou mete kèk nan rad ou yo limenm.

<sup>151</sup> Oo, ala yon pèvèsyon! Ala yon aj! Ala yon tan n ap . . . Ala sa sedwizan! Oo, tout bagay sa yo, “epi pa konn sa,” yon pafè espri pèvèti nan nonm lan. Li vwale ak konvwatiz Satan, e fanm lan, tou. Se yon espri satanik gran sosyete. Ou wè, yo pa konnen, men yo se yon òganizasyon. Fanm yo ak ti bout pantalon sou yo, yo fè pati de yon òganizasyon. Gason ki abiye konsa, fè pati yon denominasyon. M ap ba w abrevyasyon an, S.G.S., Sosyete Gran Sè, kidonk se de sa yo fè pati. Soti laba a, yon gran sosyete efemine, avèk ti bout pantalon sa yo sou li, ak gwo vye aparans kòryas, bagay ak aparans sal. Mwen—Mwen . . .

<sup>152</sup> Bon, kounye a ou ka pa dakò avè m sou sa, men se Laverite. Ou vin pèvèti e ou pa konn sa. Ou pa, pa aji tankou yon gason ankò. Ou wè, vin tèlman mou; epi, pitit gason yo, pap anyen pou yo ankò; gason, ak fanm yo, tou. Yo se yon sosyete. Gen yon òganizasyon. Poukisa? “Jan, ki vwazen a kote a, te pote bout pantalon, poukisa m pakab tou? Luella te vle m mete yo paske Jan pote yo, vwazen a kote a. E, ebyen, si—si Susie Jane ka pote yo, alò èske Martha Jane ka pote yo, oswa Susie Lou,” oubyen kèlkeswa sa non manzè ye a, ou wè. Ou wè, se yon sosyete. Se yon òganizasyon. Ou fè pati espiritiyèlman de li, e ou pa konn sa.

<sup>153</sup> Epi si se konsa, e ou wè se konsa, kifè èske w avèg. Ou avèg pou denominasyon sa yo ke Satan te detounen w pou fè w rantre ladan yo. E se pèvèsyon Pawòl orijinal Bondye a, ak Wayòm Li, ak plan L pou timoun Li yo. Satan te detounen gason ak fanm pou fè yo rantre nan bagay sa yo, e yo pa t konn sa. Yon pèvèti!

<sup>154</sup> Li pa yon pitit Bondye ankò! Mèch cheve pandye sou figi l, ak yon pè bout pantalon sou li, pou ap desann nan lari a; yon pitit gason Bondye, dyak nan yon legliz, yon pastè dèyè yon chè? Non, se pa sa yon pitit Bondye. Li pa t janm pase nan Filtè panse Bondye a. Li pa t ap mete jan de rad pou fanm sa yo sou li; se sèten li pa t ap fè l; ni manzè pa t ap mete rad gason an sou li. Ou wè, se pa yon pitit Bondye. Se yon pitit gason Satan, yon pitit fi Satan. Se yon bagay difisil pou di!

<sup>155</sup> Satan te reyisi pèvèti epi domine mond sa, pou fè l tounen wayòm li; yo te mete nonm sa, sou baz lib abit, pou yo chwazi pou tèt yo ki jan de vi yo te dezire. E sa montre sa k nan kè w.

Ou wè? Vwa w . . . Ou konn on bagay? Aksyon w yo pale tèlman fò, ke li toufe vwa w. En-hen!

<sup>156</sup> Kite m al kay yon nonm. Epi ap di: “Oo, mwen . . . Nou tout se Kreyen. Nou fè pati de legliz.” Epi foto fanm toutoni pandye nan tout biwo l? Hm! Sa pa t ap fè okenn diferans sa l te di m, mwen t ap konn mye; ou menm tou.

<sup>157</sup> Kite yon fanm di li se Kreyen, ak cheve kout? En-hen! Ou konn mye ke sa, ou wè. Wi mesye. Kite l di li se Kreyen, ap met penti ak makiyaj, ak bout pantalon, epi ap di li se Kreyen? Ou konn mye ke sa. Pawòl Bondye a anseye w mye ke sa. Pawòl la di li pa ka fè sa epi demere yon Kreyen. Li se menm yon dezonè, ak tout bagay. Kijan Bondye pral fè mete yon bagay san lonè nan Wayòm Li? Non, mesye, pa ditou. Non, mesye. Yo menm, yo montre dezi yo.

<sup>158</sup> Ou pa ka fè yon kolonb manje ak yon votou, pa ditou. Yon kolonb pa gen bil. Li pa ka manje vye chawony sa a. Si l te pran yon bouche, sa t ap touye l, e li konn sa. Men yon votou ka manje pi fò nenpòt bagay li vle. Ou wè? Li gen anpil bil.

<sup>159</sup> Kidonk nou jwenn, se konsa sa ye ak mond lan jodi a, menm bagay, “Yo toutouni, avèg, e yo pa konn sa.”

<sup>160</sup> Satan te fè sa akoz konvwatiz fanm lan pou konesans, pou sèks, ke l te chwazi pèsonèlman. Kounye a remake, se Èv ki te dirije Adan nan mal, e se fanm lan ki te retire rad li anvan Adan li an te retire pa l la. Ou wè? Se, toujou, fanm lan. Se te toujou konsa. Se toujou menm fason an.

<sup>161</sup> Se legliz ki kondui nonm lan nan chemen kwochi. Se legliz la, ou wè, k ap dirije nonm lan ki vle vin pitit Bondye. Se fanm lan, legliz. Pa Bib la, Bondye, paske Bib la se lòm. Oo, ya, “Pawòl la te fè l chè,” e Li te yon Nonm. Ou wè? Bib la se lòm; legliz se fanm lan. Ou wè? Se pa legliz . . . se pa Bib la ki kondui nonm lan nan chemen kwochi. Se legliz ki kondui l nan chemen kwochi. Se avèk legliz li te ale toutouni, pa avèk Bib la. Ou wè? Non, tout bon. Bib la di l li toutouni. Wi, mesye.

<sup>162</sup> Kounye a remake kijan, ak sèks, dezi pou sèks, li te konvwate konesans, pou konnen kisa sa te ye, e ki jan, si fwi sa te bon ou non. E manzè te fè l.

<sup>163</sup> Bondye ta pral mennen l tounen yon jou, pa yon Nonm. Sa te livre pa yon fanm. Men, yon Nonm te rachte l; Jezikri, Nonm lan, ki se Pawòl la.

<sup>164</sup> E alò kisa sa ye? Remake, pandan n ap fini. Isit la sa pa gen lontan, mwen te fè deklarasyon sa. Mwen gen anviwon kat a senk paj ankò la, men mwen . . . nan Ekriti yo epi lòt bagay mwen te vle fè referans a yo. Men, koute. Ann fini, pandan n ap di sa.

<sup>165</sup> Sonje byen, isit la sa pa gen lontan, mwen t ap anseye nou sou Sèt Twonpèt yo, *Fèt Twonpèt Yo*, e latriye. E mwen te di: “Genyen yon fèt uityèm jou a.” Kifè, setyèm jou a ta dwe dènye

a, ki t ap Milenyòm lan. Men gen festival yon uityèm jou; ki se, si se te uityèm lan, e gen sèlman sèt jou, sa t ap fè l vin premye jou a ankò, retounen dirèkteman nan premye jou a. Alò, apre Milenyòm lan fini, lè sa va gen yon Edenn ki etabli ankò. Gran Wayòm Bondye a va retounen. Paske, Jezi te batay pou li kont Satan, nan jaden Jetsemane a, e Li te reprann Edenn ankò, sa ke Li t al prepare nan Syèl la, pou retounen ankò, anwo nan Syèl la. Li di: “Pa kite kè nou boulvèse.”

<sup>166</sup> Lè Li te isit sou tè a, Li te di: “Nou, nou menm jwif, nou kwè nan Bondye. Bon, Mwen konnen Mwen gen yon movèz repitasyon,” Li te di. “Epi y ap di Mwen se *sesi*, ak se *lòt bò*. Men, nou kwè nan Bondye; e menm jan nou kwè nan Bondye a, kwè nan Mwen tou.” Li te Bondye, manifeste. Ou wè? “Kwè tou nan . . .”

<sup>167</sup> “Nan kay Papa M gen anpil . . .” Oswa, “Nan ekonomi Papa M, nan plan Papa M gen anpil palè. Mwen pral prepare yon plas.” Gade konbyen li mezire : mil senk san mil kare! Ou va di, ki kote l ye? Li te pati al prepare l. Li se Kreyatè a. Li kreye tout lò sa a. Lari yo transparan. Li se Kreyatè a. L ap prepare yon plas. Nan Apokalips 21, li di: “Epi mwen menm, Jan, mwen te wè Vil sent lan, Nouvo Jerizalèm lan, ki t ap desann sot nan Syèl kote Bondye.”

<sup>168</sup> “Pa t gen lanmè ankò; premye syèl la ak premye tè a te disparèt.” Kisa k te premye syèl nou an? Se te Milenyòm lan. Kisa k te premye tè a? Se te sa a. L ap renouvle. Menm jan Noye te batize l, nan epòk li t ap preche yo; Kris te sanktifye l, lè Li t ap vèse San L sou li; pou l te renouvle, retire tout mikwòb ak tout bagay soti sou li, nan renovasyon an alafen an, ak yon batèm Dife ki pral detwi tout mikwòb, tout maladi, tout afliksyon, tout salte ki te janm egziste sou tè a.

<sup>169</sup> Li pral eklate, pou vin yon Nouvo Tè. “Epi mwen te wè yon Nouvo Syèl ak yon Nouvo Tè. Premye syèl la, premye tè sa a, te pase; epi pa t gen lanmè ankò. Epi mwen menm, Jan, mwen te wè Vil sent lan, Nouvo Jerizalèm lan, ki t ap desann sot nan Syèl la bò kote Bondye.” La Bondye pral avèk vrè atribi Li yo, pitit gason ak pitit fi, kote L ap ka fratènize avèk yo nan sentete, ak je yo ki kouvri pou pa wè ankenn peche. P ap janm gen peche ankò apati de moman sa.

<sup>170</sup> Ann fè gwo jefò; piga w sedui nan jou sa, men, “fè jefò pou w antre nan pòtay la”.

<sup>171</sup> “Paske tout sa yo ki pral rete deyò ap vin enpidik yo, moun k ap konvwate.” “Nenpòt moun ki gade yon fanm pou konvwate l, li deja komèt adiltè avè l.” Tout sa yo ki . . . rete deyò va fanm ak move renome, gason ak move renome, e latriye.

<sup>172</sup> Epi se sèlman sa ki rachte yo, e ki nan Liv Lavi Ayo a, ki va rantre nan pòtay la. Kidonk fè jefò, zanmi; piga w sedui nan dènye jou sa a.

173 Sa a se yon gran moman. Tout moun gen lajan. Tout moun ka fè *sesi*, epi tout moun ka fè *sela*, ak lajan k ap koule toupatou, epi gwo machin, ak tout bagay. P ap gen youn nan yo nan Vil sa a. P ap gen yon sèl machin, yon sèl avyon. Non. Se va yon sivilizasyon totalman diferan. Se pral ankò yon sivilizasyon ki pa baze siy konesans, sou lasyans, men sou inosans, ak lafwa nan Bondye vivan an.

174 Ann fè jefò pou n antre nan Sa. Paske se tout bi mwen, se pou m antre nan Vil sa yon jou; pou m ap jis gad dèyè, ki moun k ap vin avèk mwen, m ap wè nou chak ap mache opa, alòske n ap chante: “lè sen yo pral travèse.” Mwen vle fè pati nan nonb sa lè sen yo pral travèse.

Annou priye.

175 Chè Papa nou ki nan Syèl la, pandan jou yo ap fini, epi nou wè sa ap pwoche, pwomès la ap pwoche. Nou priye, Chè Bondye, pou W mete sa sou kè nou, pou nou pa komèt okenn erè. Chè Bondye, kenbe konsyans nou pi. Kenbe kè nou vwale, Seyè, vwale je nou pou nou pa wè bagay ki nan mond lan, ak bagay ki pa vo anyen nan mond lan, glwa ki pa vo anyen pou vin yon gwo chabrak.

176 Kèlkeswa jan yo gran, tout wa, monak, potanta, ak tout lòt bagay dwe peri, e yo p ap resisite nan dez- . . . nan premye rezirèksyon an. Paske li ekri: “Benediksyon ak sentete pou moun k ap patisipe nan premye rezirèksyon an, dezyèm lanmò a pa gen pouvwa sou li.” O Bondye! “Dezyèm lanmò a,” lanmò espirityèl la, “pa gen pouvwa”; li te rachte!

177 O Bondye, pou ap panse ke youn nan lè sa yo, youn pral vizite lòt, pou yo anlve. “De moun ap nan yon kabann, M ap pran youn, kite lòt la. De moun ap nan chan an, M ap pran youn, kite lòt la.”

178 O Bondye, ede nou pou n rete pi nan—nan je W, Seyè, pe enpòt sa moun panse de nou, sa lòt moun di. Seyè, se pou sen nou . . . konvèsasyon nou sen. Se pou l asezonnen ak Pawòl Bondye, tèlman asezonnen, Seyè, ke yo pap jwenn okenn riz nan nou. Pandan n ap plede, pou pwòp erè nou yo, pou San Jezikri a kanpe ant nou menm e Bondye, pou L ap bese gade nou atravè San Jezi a; non pa pwòp jistis nou, oubyen kimoun nou ye, sa nou te fè, men merit Li sèlman. Bondye, akòde l!

179 Ke pa gen yon sèl moun ki chita isit la aswè a e ki ap tandè Mesaj la, ke pa gen youn nan yo ki pèdi, depi timoun pi piti a jouk sila ki pi aje a. Ke dezi sen pa yo ka sèlman pou Bondye ak Pawòl Li. Nou pa konn ki lè Li ka parèt, ni ki lè Li ka kòmande nou pou reponn laba a nan Jijman an. Nou pa konn ki lè Li ka, jan sa konn ye a, retire kat nou sou etajè a, pou di: “Se lè pou w retounen lakay. Ou oblije pati.” Bondye, ede nou rete pi. Akòde l, Seyè.

180 Ke nou viv jouk Vini Seyè a, si sa posib. Ke nou fè tout sa ki nan pouvwa nou, ak lanmou ak konpreyansyon, pou n konprann ke Bondye ap chache toupatou nan mond lan, jodi a, pou jwenn

chak brebi ki pèdi. E ke nou pale avèk yo ak pawòl ki asezonnen ak lapriyè ak lanmou ak Pawòl Bondye a, pou nou ka jwenn dènnye grenn sa a, pou nou ka al Lakay, epi soti nan vye Edenn Satan isi ba a, Seyè.

<sup>181</sup> Tou sa nèt bati sou konvwatiz, ak bèl fanm, jan yo swadizan rele sa nan mond lan, ak piblisite yo a la, “N ap fè piblisite, e nou bezwen ti mesye yo vini ak konfite sou figi yo, epi bèl jèn fi ak chòt,” dirèk nan radyo ak televizyon; epi tout sòt de salte ak tenten, epi Hollywood; tout kalite rad endesan, seksi pou fanm. Epi—epi dezòm pèvèti k ap pote rad fanm, k ap koupe cheve yo tankou fanm; e fanm yo tankou gason.

<sup>182</sup> O Bondye, ala yon lè tèrib n ap viv ladann! Oo, vini non, Seyè Jezi, vini non! Vini non, Seyè! Netwaye nou ak San an. Wete tout souyi ak malpwòpte sou nou. Pèmèt nou viv, Seyè, pèmèt nou viv anba San an, tout tan, devan je W. Se dezi kè nou, ak priyè sensè nou.

<sup>183</sup> Chè Bondye, genyen sou plat- . . . oswa bagay sa yo, sou chè a, aswè a, kote Levanjil la te ekspoze. Seyè, men etann la mouchwa ak ti pake ki pral jwenn malad ak aflije yo. Pèmèt ke priyè lafwa a, Seyè, ka tonbe nan kè nou kounye a, devan W. Alò, Seyè, si gen yon bagay ki pa pwòp nan nou, Seyè, pran . . . mennen nou nan jijman kounye a; e n ap sipliyè pou W gen pitye. Revele nou sa n ap fè ki mal, Seyè, pou nou ka mande, pou nou pran San an pou netwaye nou. Geri moun malad sa yo epi fè yo ale byen, Papa, pe enpòt ki kote sa prale, kèlkeswa kote yo prale. Se pou sa fèt konsa, Papa.

<sup>184</sup> Ban nou detèminasyon pou sèvi W, e Oumenm sèl. Akòde l, Seyè.

<sup>185</sup> Bay sekirite a moun presye sa yo ki sou wout pou al lakay.

<sup>186</sup> Mèsi pou jan W geri moun yo. Epi Sè Shepherd ak ti gason Frè Shepherd la, ki te blese sou bisiklèt, mwen priye ke okenn mal pap rive avèk sa; ti kanmarad la t ap monte bisiklèt li, mwen priye ke l va kòrèk. Nou remèsye W pou gerizon W an favè lòt moun sa yo nou te mande a. “E nou konnen ke sa nou mande a, nou resevwa l, paske nou gen konfyans nan nan Sila a ki te fè pwomès la.”

<sup>187</sup> Ban nou gras Ou, Seyè, epi padone nou pou peche nou yo. Lan Non Jezikri, nou mande l. Amèn.

<sup>188</sup> Èske w renmen L? Èske w kwè L? Èske w gen ase epi fatigue ak wayòm Satan an? Èske nou kwè sa rive nan Milenyòm lan, nan Milenyòm Li an; pa L la, Edenn pa L la? Nou kwè sa ap pran fòm li jodi a?

<sup>189</sup> Gade, tout bagay baze sou entelektyèl. Tout nèt, tout bagay, dwe pwouve syantifikman anvan yo kwè l.

190 Men ou pa ka pwouve Bondye syantifikman. Ou dwe aksepte L pa lafwa, “Paské moun ki vin jwenn Bondye dwe kwè ke Li egziste, epi L ap rekonpanse sa yo k ap chache L prese prese.”

191 O Bondye, mwen pa vle konn anyen ke San Jezikri ki netwaye m de peche m yo. Mwen pa konn anyen ke Jezikri. E jan Pòl nan tan lontan, te di a, menm jan an mwen di aswè a: “Mwen pa vle konn anyen nan mitan nou, eksepte Jezikri, e Limenm ki te krisifye a.”

192 Se tout sa m konnen pou m di nou. Sa a, Bib sa, mwen kwè l ak tout kè m (si m byen konn kè m), antanke Pawòl pafè Bondye a san melanj. Se pa Sa ke m ap viv. Se sou Sa m kanpe. E si m te gen di mil vi, mwen t ap renmen bay chak ti miyèt pou Pawòl sa, paske se Pawòl Jezikri a. E mwen pa bay enpòtans a jan yo ka eseye demanti L, jan lasyans ap eseye di Li pa diy de konfyans, e latriye, pou mwen, Se sèl bagay nan mond lan mwen ka fè konfyans, Pawòl sa. Li se pa m. Mwen renmen Li. Pa oumenm?

193 Si gen yon peche nan kè w, si gen yon fot nan kè w, si w gen nenpòt bagay, priye kounye a epi mande Bondye pou padone w. Priye pou mwen; M ap priye pou ou. Bondye beni w, se priyè mwen.

Jiskaske nou rankontre! jiskaske nou rankontre!

Bondye avèk ou jiskaske nou rankontre ankò!

194 Èske nou renmen youn lòt? Jan te di: “Timoun yo, renmen youn lòt.” “Se pou nou renmen youn lòt, paske lanmou kouvri yon pakèt peche.” Kounye a, annou chak bay lòt lanmen.

Bondye avèk ou jiskaske nou rankontre ankò!

Jiskaske nou rankontre! jiskaske nou . . .

195 Kounye a se pou nou janti youn ak lòt. Rete janti ak tout moun. Trete pwochen nou byen. Kenbe tèt nou san tach jiskaske Jezi vini.

. . .pye;

Jiskaske nou rankontre! jiskaske nou rankontre!

Bondye avèk ou jiskaske nou rankontre ankò!

196 Ou renmen L? Se priyè mwen. Priye pou mwen; m ap priye pou ou. Mwen oblije retounen Tucson kounye a. Epi mwen—mwen priye pou Bondye beni nou tout. M ap pati de la pou al Kanada, epi retounen Colorado; ap tounen, ankò, e ankò, ou wè. Jiskaske . . .

197 Frè Tony laba a, e yon gwo bagay te rive. Toupre laba a nan Vatikan, nan lavil Wòm, y ap mande yon revèy, yon reyinyon, pou m vin la epi demare yon revèy nan lavil Wòm, nan lavil Wòm. Li fèk retounen. Tout moun yo nèt dakò. Yo gen yon gwo espas laba, ki gen dè milye e dè milye de plas, e yo vle m vini pou yon revèy.

Yo vle wè glwa Seyè a nan ministè a. M pa konnen. Mwen dwe priye sou sa, pou wè kisa Seyè a ap di m. Oo, la la! Sonje, priye, nou tout ansanm. N ap fè kisa?

N ap veye vini Sovè beni nou an,  
Gade, men fèy figye yo k ap vin vèt;  
Levanjil Wayòm Li an te ale nan chak nasyon;  
E nou tou pre lafen an, nou ka wè sa.

198 Èske se vre?

Lè sa a ak kè kontan n ap anonse mesaj  
aparisyon beni L lan,  
Byento L ap vini nan laglwa, pou di tout moun;  
Alò reveye, nou menm sen Seyè yo, poukisa n  
ap dòmi alòske lafen ap pwoche,  
Ann pare pou dènye apèl sa a.

199 Li va tounen nan lwès pou ap galope ankò, youn nan jou sa yo, jis sonje. Se sèten l ap fè l. E se vre. Jiska moman sa a:

Pran Non Jezi avè w,  
Timoun ki nan tristès ak malè;  
L ap ba w jwa ak konsolasyon,  
Pran L, tout kote w prale.

Non presye, (Non presye!) O ala dous!  
Espwa tè a ak jwa Syèl la;  
Non presye, O ala dous! (Ala dous!)  
Espwa tè a ak jwa Syèl la.

Koube devan Non Jezi,  
Tonbe ajenou nan pye L,  
Nan Syèl la nou va kouwone L Wa dè wa,  
Lè vwayaj nou fini.

Non presye, O ala dous!  
Espwa tè a ak jwa Syèl la;  
Non presye, O ala dous!  
Espwa tè a ak jwa Syèl la;

200 Kounye a, dènye kouplè sa a, ann chante l ak kè nou bese kounye a.

Pran Non Jezi avèk ou,  
Tankou yon Boukliye kont tout pyèj;  
E lè tantasyon rasanble toutotou w, (Bagay sa  
yo ki vin de wayòm Satan an, ou wè, ou wè.)  
Jis respire Non Sen sa a nan lapriyè.

201 Se tou; apres a kontinye wout ou. Sa ap mache. Mwen te eseye l. Jis kwè sa kounye a, paske sa ap mache. Jis respire Non Sen Li an nan lapriyè.

. . . Non Jezi avèk ou,  
Tankou yon Boukliye kont tout pyèj;

Lè tantasyon rasanble toutotou w, (Kisa w fè lè sa?)

Jis respire Non Sen sa nan lapriyè. (Vwal la va vin sou figi w lè sa a.)

Non presye, (Non presye!) O ala dous!

Espwa tè a ak jwa Syèl la;

Non presye, O ala dous!

Espwa tè a ak jwa Syèl la.

<sup>202</sup> Ann koube tèt nou kounye a, pandan m ap mande Frè Beeler dèyè a la pou vin isit la sou estrad la. [Frè Branham ap fredone *Pran Non Jezi Avèk Ou*—Editè a.]

Jis respire Non Sen Li an nan lapriyè.

<sup>203</sup> Voye nou ale, Frè Beeler. Voye nou ale nan lapriyè.

(Non presye!)

Espwa tè a ak jwa Syèl la;

Non presye, (Non presye!) O ala dous!

Espwa tè a ak jwa Syèl la;

<sup>204</sup> Kounye a, ak tèt nou bese, epi kè nou bese. Frè Beeler, youn nan asosye nou yo isit la, Frè Estle Beeler, yon bon frè Kreyen, yon nonm fidèl. Mwen pral mande l si l vle voye oditwa ale, aswè a, nan lapriyè. Bondye beni w, Frè Beeler. 🕊️

65-0829 Edenn Satan An  
Branham Tabènak  
Jeffersonville, Indyana Etazini

HAITIAN CREOLE

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou pape kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

[www.branham.org](http://www.branham.org)